

Nim. 202.36

DEKRÈ EGZEKITIF

**Kontinite Sispansyon ak Modifikasyon Tanporè Lwa yo
Ki gen rapò ak ijans nan sitiyaasyon katastwòf la**

LÈ NOU KONSIDERE, nan dat 7 mas 2020 an, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order Number 202) pou deklare yon ijans nan sitiyaasyon katastwòf nan Eta a pou tout Eta New York la; ak

LÈ NOU KONSIDERE, yo te dokimante alafwa ka transmisyon COVID-19 ki gen pou wè avèk vwayaj ak ka transmisyon COVID-19 akòz kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa pral kontinye toujou;

KOUNYE A, AN KONSEKANS, konfòmman ak otorite ke lalwa bay mwen selon Seksyon 925-a nan Lwa sou Taks sou Byen Imobilye (Real Property Tax Law) pou pwolonje pandan yon dezas Eta ijans peryòd pou peye taks sou pwopriyete san enterè oswa penalite sou demann direktè egzekitif la nan yon konte, vil, bouk, vilaj oswa distri lekòl ki afekte, mwen pwolonje pou venteyen jou avèk dokiman sa a peryòd pou peye, san enterè oswa penalite, taks sou pwopriyete ki bout nan lokalite sa yo ki mande yon ekstansyon konsa: Vilaj Angola, Konte Erie; Vilaj Babylon, Konte Suffolk; Vilaj Bellport, Konte Suffolk; Vilaj Brockport, Konte Monroe; Vilaj Brookville, Konte Nassau; Vilaj Buchanan, Konte Westchester; Vilaj Clayton, Konte Jefferson; Vilaj Depew, Konte Erie; Vilaj East Hills, Konte Nassau; Vilaj Endicott, Konte Broome; Vilaj Farmingdale, Konte Nassau; Vilaj Fayetteville, Konte Onondaga; Vilaj Greenport, Konte Suffolk; Vilaj Groton, Konte Tompkins; Vilaj Hempstead, Konte Nassau; Vilaj Homer, Konte Cortland; Vilaj Hudson Falls, Konte Washington; Vilaj Island Park, Konte Nassau; Vilaj Kensington, Konte Nassau; Vilaj Laurel Hollow, Konte Nassau; Vilaj Monroe, Konte Orange; Vilaj Munsey Park, Konte Nassau; Vilaj Nyack, Konte Rockland; Vilaj Ocean Beach, Konte Suffolk; Vilaj Otisville, Konte Orange; Vilaj Patchogue, Konte Suffolk; City of Peekskill, Konte Westchester; Vilaj Red Hook, Konte Dutchess; Vilaj Rhinebeck, Konte Dutchess; City of Saratoga Springs, Konte Saratoga; Vilaj Scarsdale, Konte Westchester; Vilaj South Floral Park, Konte Nassau; Vilaj Stamford, Konte Delaware; Vilaj Stewart Manor, Konte Nassau; Vilaj Sylvan Beach, Konte Oneida; Vilaj Watkins Glen, Konte Schuyler; Vilaj Wellsville, Konte Allegany; ak

AN PLIS DE SA, konfòmman a otorite ke lalwa bay mwen selon Seksyon 925-a nan Lwa sou Taks sou Pwopriyete Imobilye, mwen pwolonje avèk dokiman sa a yon fason retwoaktif pou venteyen jou peryòd pou peye san enterè oswa san penalite taks sou pwopriyete ki bout premye avril 2020, nan Vilaj Thomaston, Konte Nassau.

AN PLIS DE SA, avèk otorite mwen genyen dapre Seksyon 29-a Atik 2-B Lwa Egzekitif la pou sispansyon oswa chanje pwovizwaman nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ oswa règleman, oswa pati ladan yo, pou nenpòt òganis pandan yon ijans nan Eta a poutèt katastwòf, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen oswa retade mezi ki nesè pou fè fas a katastwòf la, oswa si sa nesè pou bay asistans oswa èd pou fè fas a katastwòf sa a, avèk dokiman sa a, mwen sispansyon oswa chanje pwovizwaman, pou peryòd ant dat Dekrè Egzekitif sa a jis nan dat 2 jiyè 2020, sa ki annapre yo:

- Seksyon 6530 Lwa sou Edikasyon (Education Law) an, oswa nenpòt seksyon Lwa Sante Piblik (Public Health Law), nan limit sa nesèsè pou pèmèt yo administre yon kesyonè atravè yon entèfas elektwonik oswa mesaj elektwonik ki pa senkwòn ke yon medsen ki gen lisans nan Eta New York ap sifizan pou etabli yon relasyon pasyan ak pratikan nan objektif pou òdone yon tès laboratwa klinik.

AN PLIS DE SA, konfòmman a otorite ke lalwa bay mwen selon Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la pou pibliye nenpòt enstriksyon pandan yon ijans nan sitiasyon katastwòf ki nesèsè pou fè fas ak katastwòf la, mwen, avèk dokiman sa a, ap pase enstriksyon nou pral site la yo pou peryòd soti ant dat Dekrè Egzekitif sa a jiska dat 2 jiyè 2020:

- Enstriksyon ki nan Dekrè Egzekitif 202.7 la, jan yo pwolonje li a, egzije tout salon kwafè yo, salon kwafi yo, salon tatou oswa pising ak sèvis swen pèsònèl ki an rapò yo pou yo fèmen pou manm piblik la modifiye ak dokiman sa a pou pèmèt ouvèti salon kwafè ak salon kwafi yo, sèlman nan limit ak nan rejyon ki an akò ak direktiv Depatman Sante (Department of Health) a ke yo te pibliye pou Faz De (2) revouvèti endistri yo.
- Enstriksyon ki nan Dekrè Egzekitif 202.32 ki pèmèt nenpòt moun ki gen lisans oswa franchiz yon pis kous pou fè fonksyone yon pis kous konsa modifiye epi pwolonje ak dokiman sa a jiska 2 jiyè 2020, pou pèmèt nenpòt operatè yon pis kous pou machin fonksyone apati 3 jen 2020, an akò ak direktiv Depatman Sante a pou aktivite sa a, epi depi ke pis kous pou machin sa a pèmèt sèlman pèsònèl esansyèl oswa patisipan yo rete sou sit la, epi li pa pèmèt okenn vizitè oswa espektatè andedan etablisman an oswa sou sit la.
- Dekrè Egzekitif 202.35 lan, ki te modifiye Dekrè Egzekitif avan yo nan sa ki an rapò al New York on Pause (New York sou Pòz) la, modifiye ak dokiman sa a konsa:
 - Nenpòt rejyon ki satisfè kondisyon sante piblik ak sekirite yo preskri yo jan Depatman Sante a detèmine sa pou Premye Faz reouvèti a gendwa pèmèt aktivite ak biznis rekreyatif anplennè, ki pa gen anpil risk yo depi ke yo pèmèt aktivite sa yo fonksyone, jan Kòporasyon Devlopman Empire State (Empire State Development Corporation) detèmine li a, an akò ak direktiv Depatman Sante a.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany nan dezyèm jou mwa jen nan

ane de mil ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a